


Kreye yon Demann Kontra Enskripsyon pou FY27 nan Eleyo

1. Eskane Kòd QR la oswa klike sou lyen ki anba a.

a. <https://palmbeachcountyschools.reg.eleyo.com/afterschool>




2. Anba *Afterschool Program*, chwazi *Request Enrollment*.




3. Desann epi klike sou bouton *Enroll Now*

For more information on elementary afterschool programs, visit [Afterschool Programs website](#).


The enrollment process may take up to 20 minutes. Once an account dashboard at any time to make changes. To begin, S



- a. Si ou genyen yon Kont Eleyo ki deja egziste, tanpri sèvi avèk imèl ou ak modpas ou pou w konekte.
- b. Si ou fenk antre nan Eleyo, tanpri chwazi *Create an Account* pou kreye pwofil ou a. Yo pral mande w pou ajoute enfòmasyon pitit ou pita nan pwosesis la.



4. Answit li pral mennen w nan pwosesis enskripsyon nan Pwogram Apre Lekòl. Si timoun w ap enskri a nan lis anba *Choose an Existing Child*, chwazi timoun nan. Si pitit ou a pa nan lis la, klike sou *Add New Child*.



5. Yon fwa ou fin chwazi pitit ou a, klike sou *Looks Good. Start Registering.*




6. W ap bezwen ranpli Enfòmasyon sou Timoun nan, Kontak pou ka Ijans/ Moun ki Otorize pou vin Chèche timoun nan, Adrès (kote pitit ou a pral patisipe nan *afterschool*), Kondisyon, Orè, Kesyon ak Enfòmasyon Finans.

7. Ou pral resevwa yon imèl ki di ou te soumèt Demann Kontra w la epi l ap tann apwobasyon estaf la epi yo pral revize yo nan lòd yo te resevwa yo. Yon fwa yo apwouve kontra w la, w ap resevwa yon imèl ki konfime demann kontra w la.
8. Yon fwa ou fin ranpli pwosesis enskripsyon an atravè Eleyo epi w fin peye frè enskripsyon an, kapab genyen lòt fòm oswa dokiman direktè (tris) *afterschool* (pwogram apre lekòl) lokal ou a te mande w. Yo pral ba w yon kopi manyèl paran. Lè ou fin ranpli pwosesis enskripsyon an, lè w peye frè enskripsyon an, kontra a apwouve epi yo resevwa tout fòm/dokiman ki aplikab yo, ou fini ak pwosesis enskripsyon an.

Peman davans pou Pwogram Apre Lekòl

Yon fwa ou gen yon kontra apre lekòl ki apwouve epi ou ta renmen kòmanse fè peman w ap bezwen retounen konekte nan Eleyo

<https://palmbeachcountyschools.reg.eleyo.com/afterschool> answit klike sou *Explore All Programs* (Eksplòre Tout Pwogram yo). Kontra *Afterschool* ou a ap parèt.




Si w ta renmen kòmanse fè peman pou *afterschool*, klike sou # kont ou a, Pwogram Apre Lekòl, ak non pitit ou a.

Ou kapab fè peman pou *afterschool* alavans. Malgre Dènye Fakti a kapab montre kont ou aktyèl, rezon ki fè sa a se paske fakti ou yo pou *afterschool* FY27 yo poko antre.

Latest Invoice

Your account is current.

Your next due date has not been scheduled yet.

 \$ Pay

Pou fè yon peman tou senpleman klike sou *\$ Pay*. Ekri kantite lajan ou vle peye a. Si gen nenpòt kòmantè ki nesèsè, tanpri endike sa nan Nòt Peman yo epi klike sou *Add to Cart*. Pou konplete tranzaksyon w la, klike sou bouton *shopping cart* ki anlè a dwat la epi klike sou *check out*. Swiv enstriksyon yo pou konplete tranzaksyon an.